**Дарсил тема:**

Машидат Гъайирбекова «Эбелалъул рак1»

**Дарсил мурадал :**

1. Г1арип Расуловасул «Хазина»-абураб асар щула гьаби.

2. Машидат Гъайирбековалъул «Эбелалъул рак1»-абураб асаралъул идейно-художествияб анализ гьаби.

3 Пасих1го ц1али камил гьаби,теориялъул баянал щула гьари,г1акълу бег1ери, малъулеб асаралъул кьуч1алда тарбия кьей,жакъасеб г1умруялъулгун асаралъул бухьен ч1езаби,х1асилал гьаризе ц1алдохъабазул бажари камилгьаби.

**Дарсил алатал :** Г1арип Расуловасул ва Машидат Гъайирбековалъул суратал Шамил ва Г1ахьвахъ районазул литературияб карта ,интерактивияб доска, эбелалъул суратал ,таблицаби,презентация,т1ахьазул выставка ,М.Гъ.х1акъалъулъ видео –презентация,

**Дарсил тайпа :** г1адатияб гуреб дарс.

Дарсил план:

**I**.Дарсиде х1адурлъиялъул лах1зат. Салам кьей.

**II**.Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби.(ц1ияб технология ва литературиял тестал ).

**III.** Ц1ияб тема бицин –асаралда т1ад х1алт1и.

**IY.** Малъараб щула гьаби.

Къиматал лъей.

**YI**. Рокъобе т1адкъай.

Дарсил ин:

**I.Дарсиде х1адурлъиялъул лах1зат. Салам кьей.**

-Рорч1ами лъимал дун ц1акъ кутакалда йохарай йиго

Жакъа нужер классалда дарс кьезе рес щвеялдаса.

- Рач1а лъай-хъвай гьабизин.Дида ц1ар буго Заира Тажудиновна .Дун ккола 17 школалъул муг1алим.

-Жакъа нилъер бук1ине буго г1адатияб гуреб дарс.

Нилъер дарсил темаги ккола М.Гъайирбековалъул «Эбелалъул рак1»-абураб кеч1.

- Дарсил мурадал:Г1. Расуловасул «Хазина»-абураб асар щула гьаби.

М.Гъайирбековалъул творчествоялъул бици ва «Эбелалъул рак1»-абураб асаралъул анализ гьаби.

Авар адабияталде рокьи куцай.

**II.Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби.(**ц1ияб технология ва литературиял тестал ).

- Гьанже лъимал цере квералги лъе берцин гьабун г1одор ч1а.

-Лъица бицинеб «Щиб кьун бук1араб нужее рокъобе лъазабизе?»

-Гьанже нужее Г1. Расуловасул творчествоялдаса ва «Хазина»-абураб асаралда т1асан т1орит1изе руго тестал.

-Нужеца лъимал щибаб суалалъул номерги лъе,гьелда хадуб бит1араб жавабалъул вариантги хъвай,фамилиябиги хъвай.

1 Г1арип Расулов щиб районалдаса кколев?

А. Хунзахъ.

Б .Ч1арада.

В.Шамил.

2. Чанабилеб соналъ гьавурав Г1арип Расулов?

А. 1932 соналъ.

Б. 1923 соналъ.

В. 1935 соналъ.

3. Гьал асараздаса Г1арип Расуловасул кинаб кколеб?

А. Дир Дагъистан.

Б. Хазина.

В. Кини.

4.Г1арип Расуловасул «Хазина» -абураб асаралъул жанр бихьизабе?

А.Хабар.

Б. Шиг1ру.

В. Къиса.

5.Г1арип Расуловасул «Хазина»-абураб асаралъул аслияв герой щив кколев?

А. Х1асан.

Б. Г1абас.

В.Х1амит-бей.

6. Чан соналъ х1алт1араб школалъе Г1абасица къо-лъик1 гьабураб?

А. 12 соналъ.

Б. 15 соналъ.

В. 20 соналъ.

7. Риидал х1ухьбахъиялъе Г1абасица сапар кибе бухьараб?

А. Стамбулалде.

Б.Дубаялде.

В. Москваялде.

8. Стамбулалда Г1абасил рах1ат хвезабиялъе сабаблъун щиб ккараб?

А. Турциялъул гьава-бакъ.

Б. Музеялда рихьарал суратал.

В.Унти

9. Г1абас кумек т1алаб гьабун киве арав?

А. Милициялде.

Б. Журналистазухъе.

В.Советияб консульствоялде.

10.Г1абасица суратал т1алаб гьарулел рук1ана сундуе г1оло?

А. Ц1аралъе г1оло.

Б. Г1арцуе г1оло.

В. Ва1аналъе г1оло.

-Гьанже лъимал дица бит1араб жаваб ц1ализе буго нужеца бит1аралда хадуб жубай лъе ,мекъса хъваралда мухъ ц1ан те.Къиматалги лъе.(Х1алт1аби хал гьабулаго , цоцахъе кьун хисизарила)

«5»-9-10 бит1араб жавабалъе.

«4»-7-8 бит1араб жавабалъе.

«3»-5-6 бит1араб жавабалъе.

-Гьанже лъимал берцин гьабун г1одор ч1а.

**III. Ц1ияб тема бицин –асаралда т1ад х1алт1и.**

**А**. Гъорлъе лъугьиналъул накъит

Нилъеца жакъа сапар бухьине буго г1емерал бах1арзал г1алимзаби рахъарал ва маг1арулазул ц1ар раг1арай Дагъистаналъул т1оцеесей поэтесса Машидат Гъайирбекова гьаюраб ва г1ураб ват1аналде.

Машидат Гъайирбекова гьаюна 1927соналъ.Ц1алана techинститутaлда .Лъуг1изабуна Москваялда Максим Горькил ц1аралда бугеб литературияб институт.

Машидат.Гъ.х1алт1ана Авар театралъул директорлъун , «Маг1арулай», «Гьудуллъи» журналазул редакторлъун.1981 соналъ кьуна республикаялъул

С. Стальскиясул ц1аралда бугеб литературияб премия. «Зах1маталъул баг1араб байрахъ», «Х1урматалъул г1аламат» орденал.Машидат Гъайирбековалъул творчествоялда ц1ик1к1араб бак1 ккола маг1арулазул ц1ар раг1арал г1адамазул ,поэтазул,имамзабазул образаз.

(Рихьизарила киналго М.Гъ. хъварал т1ахьал –выставка )Маг1арул халкъалъул унтиги къварилъиги жиндирго г1адин къабул гьабулей ,гьелъул тарих рек1елъ бессарай поэтессаялъ сайгъат гьаруна маг1арулазе «Имам Шамил», «Ч1ик1аса Саг1ид-Апанди Шайих» . «Черкесиязул Имам,ШайихМух1амад-амин», «Духъ ралагьун рук1ана ниж Рамазан»- абурал т1ахьалги. Нилъеда жакъа республикаялъул бет1ер Рамазан Г1абт1улатиповас абулеб буго нуж т1ад руссайила маг1арул гъанситохъе,ракьалде,коч1оде,кули-рукъалде .Нужеца маг1аруллъи ц1унейила .Нужеца лъим гьекъейила маг1арул иццазул (шиша ц1ураб шагьаралъул лъим гьекъеч1ого)Нилъер маг1арул иццул лъимлъун , иццул бац1ц1алъилъун,маг1арул иццул роц1илъун поэзиялда йик1ана,ийго ва г1асрабаз хут1изе йиго М.Гъ.Дида к1удияб рек1ел ч1ух1игун абизе к1ола дун М.Гъ. ракьалдаса йигилан.Дирго ц1алдохъабигун цадахъ дун гьелъухъе гьоболлъухъеги щвана ,рахъана сураталги(рихьизарила сураталги ва гьединго Машидат Гъайирбеговалъ жиндирго эбелалъул х1акъалъулъ бицунеб гьит1инабго видеоги) Щибав инсанасул г1умруялда жаниб бищунго к1удияб бак1 ккола эбелалъ.

Дие г1умру кьурай ,

Хирияй эбел.

Дие г1акълу кьурай,

Г1азизай эбел.

Дие рокьи кьурай,

Дарманай эбел .

Дие мун йокьула,

Ракьалда бищун!!!

-Йокьулищха лъимал нужее нужерго эбел?

- Нилъеца эбелалъул къо кида к1одо гьабулеб?

Лъалищ лъимал   нужеда лъаг1алил учителасул г1аламатлъун ккола  Пеликан абулеб х1инч1. Гьеб  буго   лъадалъ бук1унеб х1инч1.

-Щайха   гьеб т1аса бищараб ?

-Бицен  буго гьадинаб,шарт1ияб г1аламатлъун бук1ин т1анч1азе г1оло жибго къурбан   гьаби,жиндирго керенги  бихъун ракъун  холел т1анч1и биги кьун хвасар гьари

.Гьединлъидал дир хириял лъимал; г1алхул х1айван бук1а ,х1инч1 бук1а г1адан вук1а щияй  эбел х1адур йик1уна жиндирго лъимералъе г1оло рух1 кьезе.Эбелалъул рак1 кидаго лъимада хадуб бук1уна.Жакъа нилъеца ц1ализе бугеб М.Гъ. к1еч1алъги жеги г1ат1идго раг1а-ракьанде щун бицунеб буго эбелаъул рак1алъул.

-Гьанже нилъ г1енеккизе руго Бакълъухъа шаг1ир Жабраг1ил Х1асановас улбузе гьабураб  Дагъистаналъул артист Хирамух1амад Хирамух1амадовас рик1к1унеб « Ракьалде биччараб бичасул х1имкат»-абураб коч1охъ.

**Б.** Рич1ч1уларел раг1абазда т1ад х1алт1и гьаби.

Зар-

Гъварилъи-

**В**.Учителасул  мисалияб ц1али.

**Г.** Лъималаз ц1али.

**Д**.Баян  кьовул ц1али г1уц1и.

1. «Огь»-  абураб раг1и кинаб   каламалъул бут1а кколеб?

2. Щиб    загьир гьабизе  нилъеца  каламалъулъ  гьел х1алт1изарулел? Гьаниб гьаб междометиялъ щиб загьир гьабулеб бугеб ?

3. Сунда  релълъинабулеб  бугеб  эбелалъул рак1?

4.Щиб  жо  кколеб зар?Заралъул х1акъалъулъ кици  лъалищ нужеда ?

Щуго килищ  биччан  тани,тамахаб хъат бук1уна,щуябго данде  къани къвак1араб зар  лъугьуна.(Гьаб кициги т1амун гьит1инабго х1ухьбахъи

гьабила ,свак чучиялъе х1алт1и т1обит1ила, щивав муг1алимас жиндирго бажариялда рекъон)

5.Цойги кинаб бугин абулеб бугеб эбелалъул рак1?

(Гьелъие къимат кьезе жеги цог1аги г1алимчиясдаги цог1аги г1акъилчиясдаги бажарич1о

Эбелалъул рак1 буго раг1а-ракьан гьеч1еб г1орхъи гьеч1еб.)

6. «Мукъсанлъулареб»- кин нужеда гьаб раг1и бич1ч1улеб?

7.Эбел йохизаюлеб эбелалда куркьбал гъолеб жо щиб бук1унеб?

Коч1ол роцен ч1езабизе.

**Ё**. Эбелалъул х1акъалъулъ кеч1 хъвач1ев ва ах1ич1ев цог1аги поэт ,цог1аги коч1охъан гьеч1ин абизе к1ола дида. «Эбелалъул х1ат1икь буго алжаналъул к1ул»- абураб х1адисги буго.

К1еч1 ах1изе буго дир школалъул 7 классалъул ц1алдохъаналъ. «Дуй алжан бокьани, эбелалъул рак1 бакъвазе гьабуге…..»

**Ж.** .Аллитерация ч1езаби.

Огь, эбелалъул рак1, эбелалъул рак1,
Букъараб зарг1анаб эбелалъул рак1.
Г1умруялъ нахътарал г1емерал веказ
Т1олго дургъварилъиборцине к1варав,
Т1олго дур г1ат1илъи бихьизе к1варав
Инсанжегивахъун раг1ич1о дида.

**З**. Лъималаз кеч1 ах1изаби
**И**. Эбелалъул х1акъалъулъ кицаби лъалищ нужеда?
**К**. Эбелалъул х1акъалъулъ мини-сочинение хъвазе.

**IV Малъараб щула гьаби. Къиматал лъей.**

Мац1алъулаб лоторея.(Х1ай т1обит1ила ; билетал рикьила,суалал кьела ва щибаб бит1ун абураб жавабалъухъ сайгъаталги кьела)

1. Жакъа дарсида лъил бицараб?
2. Машидат Гъайирбекова щиб районалдаса кколей?

3. Чанабилеб соналъ гьаюрай Машидат Гъайирбекова?
4. Нилъеца ц1алараб асарлъил х1акъалъулъ бугеб?
5. Сунда релълъинабулеб бугеб шаг1иралъ эбелалъул рак1?
6. Эбелалъул х1акъалъулъ кицаби лъалищ дуда?
7. Дурго эбелалъул х1акъалъулъ бице.
8. «Эбелалалъул рак1»- абураб коч1олъ чан гьижа бугеб?
9. Т1оцебесеб куплет ах1е.
10. Эбел йохизаюлеб эбелалда куркьбал гъолеб жо щиб колебали бице?

**V Рокъобе т1адкъай.**

Машидат Гъайирбековалъул «Эбелалъул рак1» -абураб кеч1 рек1ехъе лъазабизе. «Дир хирияй эбел» -абураб сочинение хъвазе.

(Гьаб дарсил план х1адур гьабуна Хасавюрт шагьаралъул 17 школалъул муг1алим Бадрудинова Заира Тажудиновналъ)